

## ПАЙДА ДУУЕРДÆМÆ ЦÆУГÆЙ, КÆЦИРДÆМÆ ФÆУУÆЗГÆДÆР УОДЗÆНÆЙ, УОЙ НЕКЕ ЗОНУЙ!..

***БЕСАТИ** Тазе (1910-1981), финсæг: «Дессаг æнцæ адæймаги гъудитæ: хуæнхон цæргæсæй идарддæр уинагæ, тагъддæр тæхагæ. Æнай-æнойти февзурунцæ сæри хъанзи, хори алливарс æрзелунцæ æма цæстифæнникъулдмæ фæццидæр унцæ... Цитæ ба ин не ’рбалæуун кæнунцæ æ зæрдæбæл!.. Ку ин сонти бонтæ равзурун кæнунцæ æ цæстити рази, ку абони царди хузтæ, ку ба ’й æ исонибонмæ раскъæфунцæ...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№1 (970) 2025 анзи 16 январь – æнсури мæйæ

Аргъ 1 туман


## Æ ХУАРЗИ ÆНДÆМÆ НЕКЕ ДÆТТУЙ, Æ ХУАРЗБÆЛ АЛКЕДÆР ÆХЕМÆ ХУÆЦУЙ!..




Михаил ЗЛАТКОВСКИЙИ конд хузæ. Ист æй социалон хизæгтæй.

# РÆСТБÆЛЦÆУÆГИ ИВУЛД ДОН ДÆР НÆ ЛАСУЙ?..

Мæнæ аци загъд – «Рæстбæлцæуæги ивулд дон дæр нæ ласуй...» – нæмæ нæ рагфидтæлтæй æрбахъæрттæй. Ка ’й зонуй, уотæ дæр æй, фал æй, зæгъæн, мухури дзиллон хабархæссæг фæрæзнити уавæртæбæл ку рабарæн, уæдта бустæги раст нæй. Рæстбæлцæуæг бæргæ ’нцæ, цæмæй нæ цардарæзти алцидæр рæстдзийнади бундорбæл арæзт цæуа, уобæл бæргæ архайунцæ. Фал... Хуæрзгæнæг хуарз нæ еруй, зæгъгæ, æмбесонд раст цума мухури фæрæзнити туххæй загъд æрцудæй. Рæстбæлцæуæг бæргæ ’нцæ, фал сæ уæддæр нури рæстæгути лæкъун дæнтти ивулд æгæрдæр ма дæлдон кæнуй... Мæнæ æрæги бæрæггонд цудæй Уæрæсей мухури Бон. Бæрæгбон цийнæй бæргæ федауй. Фал мухури фæрæзнити косгутæн ба сæ абони уавæртæ уæхæн æнцæ, æма син сæ бæрæгбон дæр уоййасæбæл цийнаг нæй – æгæр берæ æгудзæгдзийнæдтæ сæ тухсун кæнунцæ. Уомæ гæсгæ мухур кæнæн мæнæ аци хузæгонд дæр. Нæ сагъæссаг фарстатæй кæцидæрти фæдбæл дзубанди цæуй, абони 3-аг фарсбæл ци æрмæг мухур кæнæн, уоми дæр.

## НОМЕРÆН



### «ÆЙ ДУЙНЕ АЙДАГЪДÆР УАРЗТИ НИВÆН!..»

Уæрæсей мухури Бонмæ гæсгæ нæ фæндуй æримисун не ’мзæнхон номдзуд публицист, финсæг-сатирик **Цугулити Александри кизгæ Елени**. Æ рæстæги е æ публицистикон-литературон исфæлдистадæй хъазауатонæй архайдта, цæмæй советон цардиуаги еугур рауæнти дæр федарæй-федардæр кодтайдæ зæрдрохсдзийнадæ, рæстуод адæймæгути нивæ райдзаст адтайдæ, æма æнауæрдонæй тох кодта, еци гъуддаг цидæриддæр хъор кодта, еци æнаккаг фæззиндтити нихмæ. Цугулити Еленæн æ рохс ном имисгæ ба уомæ гæсгæ ’ркодтан, æма фарæ 2 октябри æ райгурдбæл исæнхæст æй финддæс æма фондзинсæй анзи (1909-1994).

Уæд нин цæйдæрти фудæй нæ бантæстæй æ рохс ном æримисун нæ газети, æма уæддæр абони ба нæ еци ихæс æнхæст кæнæн. Æма Цугулити Елени туххæй номерæн æрмæг, уæдта æ финст радзурдтæй еуей мухур кæнæн 6-7-аг фæрстæбæл.

## СОЦИАЛОН ФАРСТАТÆ




### ПЕНСИТИ ИНДЕКСАЦИ: КУД ÆМА ЦÆЙБÆРЦÆ

Пенсити аллианзон индексаци аци анз æнхæстгонд æрцудæй 1 январæй фæстæмæ. Уой фæрци карæмæ гæсгæ фæдзæхстадон пенсибæл рæстæмбес нимадæй бафтудæй 1,9 мин соми æма утемæй иссæй 24,5 мин сомей бæрцæ. Уæхæн нимæдзитæ фегъосун кодта Уæрæсей Социалон фонди Цæгат Иристони хайади пресс-службæ.

Фонди минæвар куд фегъосун кодта, утемæй карæмæ гæсгæ фæдзæхстадон пенсийæй уæлдай, индексацигонд æрцудæнцæ сахъатдзийнади туххæй, уæдта, æвæгæсæгæй ка байзадæй, еци адæми пенситæ дæр. Еумæ райсгæй, пенсити индексаций бæрцæ æнхæстгонд æрцудæй 7,3 процентемæй.

8

***Цæгат Иристони исфæлдистадон дзиллæй Устур Фидибæстон тугъди уодуæлдаййæй ка фæйййархайдта, уони хъазауати тухххæй зундгонд поэт Цирихати Михал (1919-1998) уотæ финста: «Етæ сæхуæдтæ фæуууидтонцæ æма бавзурстонцæ тугъди фудæнхæ. Сæхуæдтæ фегъустонцæ мæлæг æмтохгæнгути гъæрзун, æстонг сабийти кæун, гъизт зумæги къæс-къæс æма издий тумугъти неун. Æма си æ фадуат***




# ЦУДÆНЦÆ ТОХМÆ СÆРБÆРЗОНДÆЙ!..

Нæ Райгурæн бæсти тæккæ цитгиндæр бæрæгбæнттæй еуебæл – Уæлахези Бонбæл – аци анз æнхæст кæнуй цуппаринсæй анзи. Аци ахсгиаг цауи кадæн 2025 анз Уæрæсей нимад цæудзæнæй Фидибæстæ гъæуайгæнæги Анзбæл. Уой фæдбæл нæ газети æнæмæнгæ мухургонд цæудзæнæнцæ аллихузон æрмæгутæ. Абони ба нæ фæндуй æримисун, Устур Фидибæстон тугъди рæстæг немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау уодуæлдаййæй ка тох кодта, нæ еци æмзæнхон журналистти рохс нæмттæ. Уомæн ма нин еума рæуагæ дæр ес – 13 январи бæрæггонд æрцудæй Уæрæсей мухури Бон.

Цифуддæр знаг 1941 анзи 22 июни нæ Райгурæн бæстæмæ гадзирахаттæй ку æрбалæбурдта, уæд Дигори журналисттæй беретæ, сæ финсуни куст ниууадзгæй, тохи будурмæ рандæнцæ. Уонæй еу, Кертанти Тæхир, æ тугъдон æмдзæвгитæй еуеми уотæ финста: «Æд нифс, æд зар… цудæнцæ тохмæ сæрбæрзонд!..»

Тугъди размæ Ирæфи райони уагъд цудæй газет «Социалистон Дигорæ» (фæстугъд еуцæйбæрцæдæр рæстæг нæбал цудæй, уæдта евгъуд æноси 1965 анзи бабæй æй нæуæгæй байгон кодтонцæ, «Ленинец», зæгъгæ, номи хæццæ, абони ба хуннуй «Ирæф») æ фиццаг номер рацудæй 1933 анзи. Фиццаг редактор ин иссæй Хæмицати Алексей, дессаги рæстзæрдæ адæймаг, хуарз арæхстæй исфæлдистадон коллективæн дæсни разамунд дæттунмæ. Еци менеугутæ ба уæлдай хъæбæрдæр гъудæнцæ, газет æ фиццаг къахдзæфтæ кæнун ци уавæрти райдæдта, уæд – алли гъуддагæн дæр æ райдайæни куд фæууй, уотæ редакци дæр берæ цæмæйдæрти æвзурста нæхъæртондзийнæдтæ. Уæддæр коллективæн æнтæстæй сæ куст гъæугæ хузи аразун, æма газет цудæй афойнадæбæл, адæммæ хъæртун кодта, æнæмæнгæ ка гъудæй, еци хабæрттæ.

Фæстæдæр редактор иссæй Келехсати Аслæнбег. Дууæ анзей дæргъи кодта аци бæрнон куст, уæдта 'й райййивтонцæ газет «Рæстдзинад»-и редакцимæ æма си берæ æнзти фæккуста редакторæй.

Уæлдæр æй куд баханхæ кодтан, уотемæй газетæн устур ахедундзийнадæ адтæй фæллойнæгæнæг дзиллити 'хсæн, зингæ агъаздзийнадæ лæвардта Ирæфи райони партион организацийæн еумæйаг социалон-экономикон фарстатæ, культурон царди хабæрттæ, уæди уавæрти домæнтæмæ гæсгæ аразуни гъуддаги. Æ аллибони кусти газет æнцадæй гъæууон уацхæсгутæбæл, кæцитæй беретæ уой фæсте иссæнцæ редакций косгутæ. Газети куст бæлвурд фæббæрæг æй æнахургонддзийнадæбæл фæуууæлахез уни гъуддаги.

Тугъди агъоммæ редакций æнтæстгинæй фæллойнæ кодтонцæ Дзадзати Гусейн, Скъодтати Амурхан, Амилахуанти Израил, Гобети Данел, Диготи Созур, Керчелати Тазрет, Сарахъати Михал, Цæрикъати Морадий, Тегати Сулейман, Тамати Кудзий æма æндæртæ. Газети ахид мухур кодтонцæ се 'рмæгутæ Мамсурати Дæбе, Бесати Тазе, Хъазбегти Хъазбег æма нæ иннæ финсгутæ, кæцитæ фæстæдæр иссæнцæ нæ национ литератури номдзуддæр архайгутæ.

Газети редактор уæдмæ иссæй Гæтцити Хадзирæт. Арæхстгин разамонæги фæрци газетæн берæ æнтæстæй, еудадзуг си мухургонд цудæй уæди доги ахсгиаг фарстатæбæл, рагæлдзуйнаг лæгъуз миутæбæл, фæсевæди патриотон гъомбæлади тухххæй æрмæгутæ. Газет «Социалистон Дигорæ» адæм берæ уарзтонцæ, алли хæдзари дæр имæ æнгъæлмæ кастæнцæ.

Фал…Фидбилизи 1941 анз… Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд тогцъир немуцаг фашистти нихмæ. Фæсевæд цудæнцæ карз тохмæ. Фиццæгти хæццæ рандæй фронтмæ Гæтцити Хадзирæт дæр, æ бæсти редактор иссæй Сарахъати Михал. Цубур рæстæги фæсте ба сæ кустадон бунæттæ редакций ниууагътонцæ Дзадзати Гусейн, Цæрикъати Морадий, Скъодтати Амурхан, Гобети Данел – рандæнцæ фронтмæ. Тегати Сулейманбæл æстдæс анзи нæма цудæй, æ къохтæмæ тохæндзаумау ку райста знаги нихмæ, уæд. Амилахуанти Израили тугъд æрæййафта е 'фсæддон ихæс Сурх Æфсади рæнгъити æнхæст кæнгæй – Ирæфи райони газети хайади сæргълæууæгæй куста, уотемæй 1939 анзи барвæндонæй рандæ 'й æфсадмæ.

Уомæ гæсгæ ба е 'мзæнхон журналисттæй уомæн еугуремæй дæр раздæр архайгæ рауадæй знаги нихмæ тугъдтити. Æ уæдиккон æмдзæвгитæй еуеми финста:

*Æрбакодтон æд бæрцитæ мæ*
*цохъа,*
*Æрбабастон мæ астæубæл*
*мæ хъæма.*
*Æрбагæлстон мæ сау нимæт*
*мæхебæл,*
*Тохмæ цæугæ 'й, мæ*
*зинаргъ æмбал,*
*ци 'й дзебæл!*

Амилахуани-фурт тугъди фæцæй кæрæй-кæронмæ. Кæддæр ма ибæл финстан, уомæ гæсгæ ба уой тухххæй нæ дзубанди абони фæццубур кæндзинан. Цубурæй зæгъдзинан иннæ журналистти тухххæй дæр – уонæй дæр кедæрти тухххæй раздæр ма финстан.

Дигори журналисттæй беретæ нæбал исæздахтæнцæ фронтæй, нæ син бантæстæй Уæлахези цийнаг бонмæ фæццæрун. Нæ Советон Райгурæн бæсти, адæми сæребарæ рохс царди сæрбæлтау нæ байаурстонцæ сæхебæл Гæтцити Хадзирæт, Дзадзати Гусейн, Цæрикъати Морадий, Тамати Кудзий. Сæ талингæ æносон бунæттæ иссирдтонцæ тугъди будурти сæ тогæй гъæзт зæнхи.

Бæгъатæрæй тох кодта знаги нихмæ Керчелати Тазрет, уомæн æвдесæн – æ реугудурбæл ци берæ паддзахадон хуæрзеугутæ исæрттивтонцæ, етæ. Тугъди фæсте ма берæ æнзти фæцæй Советон Æфсади рæнгъити, иссæй болкъон, пенсимæ рацæууни фæсте ба цардæй æма куста Дзæуæгигъæуи. Куд тугъди æма æфсади ветеран, уотæ вазуггин куст кодта ирæзгæ фæсевæди хæццæ.

Намусгин адтæнцæ Тегати Сулейман, Скъодтати Амурхан æма иннети тугъдон нæдтæ. Фронти уогæй æма знаги нихмæ тохæнгарзæй тох кæнгæй, нæ иронх кодтонцæ сæ исфæлдистадон бæлдæ дæр – федар бастдзийнадæ дардтонцæ дивизион æма æфсæддон газетти хæццæ.

Тугъди фудæбæнттæн бафæразгæй адæми бон бацæй знаги ниддæрæн кæнун, фашистон хъилмайæй айдагъ Райгурæн бæстæ нæ, фал æнæгъæнæ дуйне дæр фæййиервæзун кæнун.

*Фæцæй нур тугъд,*
*Фæцæй кæронмæ нæ карз тох,*
*Фудголæ къох*
*'Систа хæрдмæ.*
*Е 'ндзарст арти ку 'рцудæй сугъд…*
*Æрдзæн æрбайсавдæй æ тар,*
*Тунуафгæ, гъар*
*Нирттивта хор*
*Нæ цард, фиццагау æй рæсугъд…*

Уотæ финста 1945 анзи Уæлахезон мæйи Кертанти Тæхир. Æма, æцæгæйдæр, фæстугъдон хъиамæттæ дæр кæд хъæбæр зин æма уæззау адтæнцæ, уæддæр адæми разæнгарддзийнадæ ба уонæй тухгиндæр адтæй: æгайтима, тугъд фæцæй, кæд уой фудæбæнттæн бафæразтан, уæд нæ сабур царди хабæрттæ исаразун ба нин куд гъæуама нæ бантæса, зæгъгæ… Еци нифсгундзийнадæ дзиллити зæрдити федар кодта райони газет дæр. Кертанти Тæхир æма иннæ тугъдон лæгтæ, редакций кустмæ раздæхгæй, сæ æуууæндгун дзурдæй, адæми нифсбæл æфтудтонцæ нифс.

Цæгат Иристонæй куддæр фæлледзæги 'нцæ фашисттæ, уотæ райони газет нæуæгæй цæун райдæдта. Æ редактор еци рæстæг иссæй Дзотти Владемур. Уой фæсте партий райкоми бюрой унаффæмæ гæсгæ редакторæй нисангонд æрцудæй Гобети Данел. Уæлдæр партион скъоламæ ахурмæ ку рандæй, уæд æ бæсти редактори бунати нисангонд æрцудæй Тегати Сулейман. Газетæн бундор ка æвардта, уонæй беретæ раздæрау æновудæй архайдтонцæ сæ пайдайаг хай хæссунбæл еумæйаг гъуддагмæ. Дæлболкъон Амилахуанти Израил куста министрадтæй еуеми граждайнаг гъæуайкæнуйнади штаби сæргълæууæгæй. Тегати Сулейман дзæвгарæ æнзти дæргъи фæккуста газет «Рæстдзинад»-и бæрнон бунæтти, сауæнгæ редактори хуæдæййевæгæй дæр.

Аци æрмæги цубурæй радзурдтан Ирæфи райони газети редакций ке журналистон ирисхъæ райдæдта, уой фæсте ба лæгдзийнадæ ка бавдиста тугъди будурти æма ма си уордигæй цардæгасæй ка исæздахтæй, уотемæй нæуæгæй бæрзонд ка исиста газети кадæ æма ном, уони тухххæй.

Зæгъун гъæуй уой, æма айразмæ æнзти нæ газети ниммухур кодтан æрмæгутæ Дзадзати Гусейн, Кертанти Тæхири,Тегати Сулеймани тухххæй. Нæ равгитæ куд амононцæ, уæдта æрмæгутæй куд рæвдзæ кæнæн, уомæ гæсгæ иннети тухххæй дæр радзорддзинан нæ газети фæрстæбæл. Цæмæй е нæ къохи бафтуйа, уомæй ба нæ гъæуй нæ адæми, газеткæсгути агъаз дæр. Финсетæ нæмæ ке тухххæй си ци зонетæ, уой, уæдта æрвететæ сæ къартæ дæр.

***САКЪИТИ Эльбрус,***
***Ирæфи райони газет***
***«Ленинец» ма ку хундтæй, уæди***
***рæстæги редакций раздæри косæг.***

СТАНЬ ЗАЩИТНИКОМ ОТЕЧЕСТВА!..




**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, инæлар-лейтенант Худæлти Алексейи фурт Харитони райгурдбæл 9 январи исæнхæст æй æхсæзинсæй анзи (1905-2000).**

*кæмæн куд амудта, ка си куд арæхстæй, уотæ исхузæ кодта тугъди цаутæ – ка комкоммæ тохи нæдтæ æма  фронтти, ка ба фæстугъд. Ка си æ сæр нивондæн æрхаста нæ устур Советон Цæдеси кадæ, цитæ, хуæдбарæдзийнадæ æма сæребарæдзийнади сæрбæлтау, нæбал исæздахтæй æ фидиуæзæгмæ. Ка ба си тугъди фæсте дæр идарддæр нивæнста æма нивæндуй е 'сфæлдистадон тунæ...»*






# РÆСТБÆЛЦÆУÆГИ ИВУЛД ДОН ДÆР НÆ ЛАСУЙ?..

Уæрæсей мухури Бони фæдбæл нæ нæ дзубанди фæндуй райдайун мæнæ ауæхæн ходæг хабарæй. Цæветтонгæ, советон доги, дан, Мæскумæ се 'носон дуйнейæй æрбафтудæнцæ евгъуд æности номдзуддæр лæгтæ: разагъди балхон Александр Македойнаг, кæддæри тухгиндæр импери Роми император Цезарь æма Франций император Наполеон. Уоми ба ку бахауиуонцæ Сурх фæзи æфсæддон парадмæ, æма хъæбæр цæмæдесæй кастæнцæ, цитæ си цудæй, уомæ.

– Ехх, советон танкитæ мæмæ ку адтайдæ, – ниййнæфтæй Александр Македойнаг, – уæд мæнæй уæлахезондæр дуйней неке адтайдæ!..

– Мæнмæ ба советон хуæдтæхгутæ ку адтайдæ, – загъта Цезарь, – уæд дуйне æнæгъæнæйдæр мæ дæлбарæ адтайдæ!..

– Мадта мæнмæ ба газет «Правда» (æ рæстæги Советон Цæдеси тæккæ сæйрагдæр газет. - Ред.) ку адтайдæ, – бабæлдтæй Наполеон, – уæд нуриуæнгæ дæр некема базудтайдæ Ватерлоо!..

Наполеон Ватерлоо цæмæ гæсгæ раймиста, уой уи кæд кадæр нæ зонуй, уæд уин æй цубурæй байамондзинан. Цæветтонгæ, æнæгъæнæ Европи дæр тугъдтитæ ка разгилдта æма си уæлахезон ка 'дтæй, еци Наполеон фæстагмæ ба састи бунати равзурдæй, сауæнгæ Францийæй дæр ма тард æрцудæй. Уæхæн уавæрбæл арази нæ уогæй, багъавта æ кæддæри намус раздахун. Уой туххæй ин тохгæ рауадæй цалдæр европаг паддзахадей еумæйаг тухти нихмæ. Тугъд ба 'рцудæй бельгийаг цæрæнбунат Ватерлоой рæбун. Наполеони æфсæдтæ бунцагъд фæцæнцæ, кæддæри тухгин императори аллайаги кой ба æнæгъæнæ дуйнебæл райгъустæй, анзфинститти æностæмæ байзадæй мухургондæй.

Гъе уомæ гæсгæ е хумæтæги нæ бабæлдтæй газет «Правда»-мæ. Советон доги дзиллон хабархæссæг фæрæзнити еугур, цийфæнди зингæ цаутæ не 'ской кæниуонцæ, адæмæн сæ не 'гъосун кодтонцæ. Е раст адтæй æви нæ, уобæл нуртæккæ нæ дзордзинан, фал еу гъуддаг ба бæлвурд æй – уæди рæстæги дзиллон хабархæссæг фæрæзнити (етæ еугурæйдæр паддзахадон адтæнцæ!..) гъомусеуæг уоййасæбæл ахедгæ адтæй, æма син æнтæстæй æхсæнадон цæстингас гъæугæ хузи аразун. Уæдта, кæд уæмæ нур æнахур фæккæсдзæнæй, уæддæр сæбæл адæм æуууæндтæнцæ, сæ сагъæссагдæр фарстати хæццæ фулдæр редакцитæмæ бахатиуонцæ сæхе, æма, баруагæс уи уæд, фулдæр-фулдæр хæттити син агъазгонд дæр æрцæуидæ.

Цума нуриккон дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæн ба сæ гъомусеуæг уæддæр еуцæйбæрцæдæр æй уой хузæн? Уой фæдбæл ахид рацæуй дзубанди, фал... Мæнæ æрæги «Российская газета»-йи мухургонд æрцудæй Уæрæсей журналистти Цæдеси сæрдар **Владимир Соловьеви** дзубанди. Зæгъун гъæуй уой, æма кæцæйдæр еуварсæй æрбафтуйæг адæймаг нæй, дзиллон хабархæссæг къабази берæ рауæнти фæккуста. Адтæй редактор æма уацхæссæг телеуинунади хабæртти служби, ССР Цæдеси рæстæгути, фæстæдæр ба Уæрæсей телеуинунади «Хабæрттæ»-йи комментатор, исфæлдистадон балцити адтæй Югославий, Косови, Иерусалими, Цæгат полюси Арктики, Антарктиди, интервьютæ иста Советон Цæдеси фиццаг æма фæстаг Президент Михаил Горбачевæй, Президент Борис Ельцинæй æма нæ бæсти нури разамонæг Владимир Путинæй. 2017 анзæй фæстæмæ ба разамунд дæттуй Уæрæсей журналистти Цæдесæн.

Еу загъдæй, дзиллон хабархæссæг фæрæзнити æма информацион итигъдади хабæрттæ ин хуарз зундгонд æнцæ æма бæлвурд лæдæрд æнцæ. Фал, раст зæгъгæй, æ хæццæ ка дзубанди кодта, еци журналист имæ ци фарстатæ равардта æма сæбæл куд исдзуапп кодта, уомæ гæсгæ е секкаг æй. Зæгъæн, фиццаг фарста адтæй:

– Авд анзей размæ дæ Уæрæсей журналистти Цæдеси сæргълæуууæгæй ци æмбурди равзурстонцæ, уоми архайгути размæ рацудтæ дæхе сæрмагонд программи хæццæ. Уæдæй нурмæ дин, зæрдæ цæмæйти æвардтай, уонæй ци бантæстæй исæнхæст кæнун?

Æма Владимир Соловьевæн æ дзуапп адтæй уæхæн:

– Раст мæ балæдæрæ æма дæмæ мæхе растауни хузæн ма фæккæсæд, фал, уæд мæхемæ ци ихæстæ райсунвæндæ искодтон, уонæн сæ фулдæр царди уагъд æрцудæнцæ. Мæ зæрди, зæгъæн, адтæй журналистти форумти архайд нæуæг хузи райаразун. Раздæр арæзт цудæнцæ Мæскуй æма регионти. Раздæр си æрæмбурд уиуонцæ фулдæр уомæ гæсгæ, цæмæй си кæмæндæр æ райгурæн бон дзиллонæй исбæрæг кодтайуонцæ, æма мадзал еци-еу хузи рацæуидæ: берæ арфити фæсте ба рабадиуонцæ идзаг фингити сæргъи. Еци фæткæ мах еуцæйдæрбæрцæ фендæрхузи кодтан.

Журналистти Цæдеси Устави амунд цæуй, нæ архайди сæйрагдæр ихæстæй еу æй не 'мкосгути еумæйаг ахурадон æмвæзадæ бæрзонддæр, æнхæстдæр æма ахедгæдæр кæнун. Журналисттæ гъæуама сæ цæстæ даронцæ, сæ равзурст дæсниади уавæр цæхуæн æй абони æма нури домæнтæмæ гæсгæ идарддæр гъæуама цирдæмæ арæзт æй, уомæ. Уой туххæй ба æргъуди кодтан, «Инфорум»-ахуртæ аразун федералон æмвæзадæбæл. Уæрæсей тæккæ устурдæр рауагъдæтти редакторта æма зундгонддæр журналисттæ сæ дæсниади фæлтæрддзийнади хæццæ зонгæ кæнунцæ бунæттон дзиллон хабархæссæг фæрæзнити косгути, цидæриддæр нæуæгдзийнæдтæ фæззиннуй, уони хæццæ. Евгъуд авд анзей дæргъи уæхæн мадзæлттæ арæзт æрцудæй Уæрæсей алли регионти – дæс æма æртинсæйей бæрцæ.

Журналистти, уæлдайдæр ба æ исфæлдистадон над нерæнгæ кæмæн райдæдта, уони цæттæдзийнадæ æма арæхстдзийнадæ бæрзонддæр кæнун, дзубанди дæр ибæл нæййес, ахсгиаг æй. Фал уомæн, махмæ гæсгæ, фагæ 'й сæрмагонд ахуртæ æма семинартæ аразун. Форумти ба гъæуама бундорондæр фарстатæбæл цæуа дзубанди, пайдахæссæг унаффитæ  си рахæсгæй. Лæдæрæн æй, журналистти Цæдесмæ нæййес, нæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнити абони сагъæссаг фарстатæ гъæугæ хузи райаразунгъон ке фæрци уа, уæхæн рахуæцæнтæ. Фал сæбæл дзорунгъон, хецаудзийнади размæ сæ домæн хузи æвæрун ба куд нæййес?

Зæгъæн, еци сагъæссаг фарстатæй еуей кой Владимир Соловьев æхуæдæг искодта:

– Нæ кусти мах уæлдай фулдæр æнцойнæ кæнæн районти газеттæбæл, уони редакцитæбæл, уомæн æма журналистти Цæдеси иуонгти фулдæр хай косунцæ уомити. Нæ журналистики сæйраг бундор етæ 'нцæ. Уонæн нуртæккæ уæлдай зиндæр æй сæ куст æнхæст кæнун. Еуемæй газетти тиражтæ анзæй-анзмæ бустæги ниллæгмæ  хаунцæ, иннемæй ба газеттæ афойнадæбæл нæ хъæртунцæ сæ рафинсгутæмæ, уомæй ба фудгин æй почтæ, кæци комкоммæ ихæсгин æй мухури фæрæзнитæ, ка сæ рафинсуй, уонæмæ афойнадæбæл хъæртун кæнунæй, фал еци гъуддаг гъæугæ хузи не 'нхæст кæнуй, сæ алли рæуæнттæй гъуддаг къулумпи кæнуй. Уобæл кæдæй ардæмæ æма цæйбæрцæбæл берæ дзубанди цæуй, фал...

Уæрæсей журналистти Цæдеси разамонæг дзоргæ бæргæ раст кæнуй, фал еци дзубанди, куд гъæуй, уотæ карзæй нæ цæуй, æндæра е куд æй, æма почтæ мухури фæрæзнитæ рафинсуни туххæй æхцатæн сæ фулдæр хай æхецæн райсуй, æ ихæстæ ба, куд гъæуама уа, уотæ не 'нхæст кæнуй!.. Е уотид æдзæсгондзийнадæ нæй, фал æй уголовон фудракæндæ æма æ исаразæг ба Закъонмæ гæсгæ гъæуама дзуапп дæтта.

Иннæ уæхæн æверхъаудзийнадæ, кæцимæн ба Владимир Соловьев æ кой дæр не 'скодта. Цæветтонгæ, фæстаг инсæй анзей дæргъи газеттæ æма журналтæ кæми гъæуама уæйæ кæнонцæ, еци киоскти нимæдзæ фæмминкъийдæр æй цуппар хатти, куд Уæрæсей еугур рауæнти, уотæ Цæгат Иристони дæр.

– Цæмæй дзиллон мухури фæрæзнити кусти идарддæри размæцуд ирæза æма æнхæстдæргæнгæ цæуа, уой туххæй еудадзугдæр архайун гъæуй сæ парахат кæнуни кустмæ фулдæр æргом æздахун, – зæгъуй мухури индустрий кустуæтти Цæдеси президент Алексей Иванов. – Бæргæ архайæн алли рауæнти дæр, цæмæй киосктæ регионти æхгæнгæ ма кæнонцæ, фал си никки фулдæр игонгонд цæуонцæ, уобæл. Берæ рауæнти нæ фегъосунцæ æма нæ балæдæрунцæ, нæ курдиадæ нин æнхæст дæр кæнунцæ. Фал, гъулæггагæн, берæ регионти бунæттон разамонгутæ ба сæхе нецилæдæрæг искæнунцæ æма (сæ бардзурдæй æви аразийæй?..) киосктæ æхгæд цæунцæ. Гæнæн ку нæбал фæууй, уæд нæ багъæуй комкоммæ губернатортæ æма мэртæмæ нæ гъаст бахæссун. Баруагæс уи уæд, нури уавæрти, нæ бæсти нихмæ информацион тугъд карзæй-карздæр ку кæнуй, уæд уæлдай ахсгиаг гъуддаг исæй дзиллон-информацион фæрæзнитæ хъæртун кæнуни куст.

Уæлдæр куд загътан, уотемæй фæстаг инсæй анзей дæргъи ци киосктæ нихгæдтонцæ, уони бунætти байгон кодтонцæ рæзæ æма æндæр продукттæ уæйæгæнæн тукангæндтитæ. Еске зæгъдзæнæй, нуртæккæ алли фарстатæн дæр дзуапп исерæн ес интернети, фал етæ некæд баййевдзæнæнцæ мухури фæрæзнити ахедундзийнадæ. Уобæл дзорæг æй е дæр, æма хъæбæр беретæ батухсунцæ, редакцитæмæ еци дзорæги дзорунцæ, еци æма еци газет кенæ журнал кæми балхæнæн ес, зæгъгæ.

Беретæй фегъосæн ес уæхæн загъд:

– Адæймагæн хъæбæр гъулæг фæууй, раздæр газеттæ æма журналтæ кæми уæйæ кодтонцæ, уоми нуртæккæ рæзæ, тамакутæ, дæнттæ æма, æндæр рауæнти дæр балхæнæн кæмæн ес, еци продукттæ æма товартæ куд уæйæ кæнунцæ, уомæ кæсгæй.

Бонæй-бонмæ ирæзгæ цæунцæ нæуæг базарадон азгъунститæ, мухур кæми уæйæгонд цæуа, уæхæн киосктæн ба си бунат нæ разиннуй. Газеттæ æма журналтæ кæми уæйæ кæнонцæ, уæхæн киосктæ кунæгæй-кунæгдæр кæнунцæ, æма е рагъуди кæнуйнаг уавæр æй, фал ибæл гъудигæнæг ба нæййес.

* * *

*... Берæ, æгæр берæ дæр ма 'нцæ абони дзиллон хабархæссæг фæрæзнити косгутæн сагъæссаг ка 'й, сæ архайди син хъоргæнæг ка 'й, уæхæн фарстатæ. Æма уони фæдбæл ба нæ зæгъуйнæгтæ зæгъдзинан нæ идарддæри дзубандий нæ газети хæстæгдæр номертæй еуеми.*

***ГÆТИЙТИ Светланæ***

## АХСГИАГ ЗÆГЪУЙНАГ



**Владимир СОЛОВЬЕВ, Уæрæсей журналистти Цæдеси сæрдар:**

– Уæрæсей журналистти Цæдеси иуонгти бæрцæ нуртæккæ æй дæс æма æртинсæй мин адæймагемæй фулдæр. Анзмæ нæбæл рæстæмбес нимадæй бафтуйуй 1-1,5 мин адæймаги. Уонæн сæ фулдæр æнцæ, дзиллон хабархæссæг фæрæзнити æцæгæйдæр æнтæстгинæй ка архайуй, уæхæн исфæлдистадон косгутæ. Фал, гъулæггагæн, фæстаг рæстæгути зиннун байдæдта еу æведауцæ фæткæ: нæ Цæдеси иуонг исунмæ кадæртæ, уæлдайдæр ба æригæнтти 'хсæнæй, бабæллунцæ, цæмæй син уой фæрци равгитæ уа багъæуаги сæхе гъуддæгутæ райаразунæн си испайда кæнунæн... Уæхæнттæ нин нæ Цæдесæн зæранхæссæг æнцæ æма си гъæуама нæ рæнгъитæ кæдзосгонд цæуонцæ.

**Инæлар-майор, философон наукити доктор, профессор Цæголти Македони фурт Кими райгурдбæл 13 январи исæнхæст æй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1930-2015).**

***Хуцаумæ ковæг адæм ан. Нæ хуæнхбæстæ – изæдбадæн, нæ будуртæ – бæркадбарæн. Иристони хонхæй-будурмæ цидæриддæр изæд æма идауæгæн ковæндонæ ес, табу сæхецæн! Æмзуд, æнгомдзийнадæ нæбæл бафтауæнтæ! Муггагæнгом æма синхагуарзонæй куд цæрæн, уæхæн арфæ ракæнæнтæ! Аллихузон адæмти хæццæ æй нæ цард, æма кæрæдзей куд лæдæрæн,***

## ЯНВАРЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | | |

## ФЕВРАЛЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | | |

## МАРТ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 31 | | | | | | |

## АПРЕЛЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | | | | |

## МАЙ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | |

## ИЮНЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | | | | | | |




# Ирон къæлиндар 2025

### ТЪÆНДЖЫ МÆЙ (ЯНВАРЬ)
Ногбон – 1 бон – æртыццæджы
Цыппурс – 7 бон – дыццæджы
Бынаты æхсæв – 7-8 бон – фæсизæр – æртыццæджы æхсæвы
Æртгæнæнтæ – 11 бон – сабаты райсомæй
Ногбоны æхсæв
(зæронд нымадæй) – 13 бон – изæрæй райсоммæ
Ногбон
(зæронд нымадæй) – 14 бон – дыццæджы
Донæскъæфæнтæ – 19 бон – хуыцаубоны сæумæрайсомæй
Бадæнтæ – 19 бон – фæсизæр – изæрæй райсоммæ
Фацбадæн – 26 бон – хуыцаубоны

### ÆРТХЪИРÆНЫ МÆЙ (ФЕВРАЛЬ)
Нафы бон – 2 бон – хуыцаубоны
Комахсæн (галæргæвдæн хуыцаубон) – 16 бон – хуыцаубоны
Фыды комбæттæны къуыри – 17-23 февралы
Урсы къуыри (цæрвкъахæн) – 24 февралæй 3 мартъимæ

### ТÆРГÆЙТТЫ МÆЙ (МАРТЪИ)
Стыр комбæттæн – 2 бон – хуыцаубоны
Комдарæны райдайæн – 3 бон – къуырисæры
Аларды – 3 бон – къуырисæры
Хор-хоры бон
(Рæмонбон) – 18 бон – дыццæджы
Рагон ирон Ногбон – 21 бон – майрæмбоны
Лауызгæнæнтæ – 22 бон – сабаты æхсæвы
Чындзыты донмæгæнæн бон – 23 бон – хуыцаубоны
Тутыр – 24 бон – къуырисæры
Астæумархо – 27 бон – цыппæрæмы

### ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙ (АПРЕЛЬ)
Къостайы мысæн бон – 1 бон – дыццæджы
Зазхæссæн – 12 бон – сабаты
Къутугæнæнтæ – 13 бон – хуыцаубоны
Куадзæн – 20 бон – хуыцаубоны
Мæрдты куадзæн – 21 бон – къуырисæры
Хæдзарвæндаджы бон – 23 бон – æртыццæджы
Таранджелос – 24 бон – цыппæрæмы
Урсы дзуар – 27 бон – хуыцаубоны

### ЗÆРДÆВÆРÆНЫ МÆЙ (МАЙ)
Суаны Уасджеорджи – 6 бон – дыццæджы
Касутæ – 6 бон – дыццæджы
Уæлахизы бон – 9 бон – майрæмбоны
Ирон æвзаджы бæрæгбон – 15 бон – цыппæрæмы
Зæлдæвæрæн – 29 бон – цыппæрæмы

### ХУРХÆТÆНЫ МÆЙ (ИЮНЬ)
Æртæ иууоны – Саниба – Троица – 8 бон – хуыцаубоны
Кæрдæгхæссæн – 8 бон – хуыцаубоны
Уæлæмæсыджы Уастырджи æмæ
Мады-Майрæм – 9 бон – къуырисæры
Ломисы Уастырджи – 11 бон – æртыццæджы
Реком – 14 бон – сабаты
Дауджытæ – 15 бон – хуыцаубоны
Дзывгъисы Уастырджи – 17 бон – дыццæджы
Фæлвæра – 22 бон – хуыцаубоны
Цыргъобау – 22 бон – хуыцаубоны
Уацилла – 23 бон – къуырисæры
Ныхасы Уастырджи – 29 бон – хуыцаубоны

### СУСÆНЫ МÆЙ (ИЮЛЬ)
Хетæджы Уастырджи – 6 бон – хуыцаубоны
Дзири-дзуар – 6 бон – хуыцаубоны
Гæлиаты Авд дзуары – 6 бон – хуыцаубоны
Кæхцгæнæнтæ – 13 бон – хуыцаубоны
Фырыдзуар – 14 бон – къуырисæры
Хохы Уастырджи – 16 бон – æртыццæджы
Фæроны дзуар – 19 бон – сабаты
Хуыцауы дзуар – 20 бон – хуыцаубоны
Цыргъы дзуар – 22 бон – дыццæджы
Бызы Сау барæджы дзуар – 22 бон – дыццæджы
Атынæг – 27 бон – хуыцаубоны
Къобы Уастырджи – 27 бон – хуыцаубоны
Цыргъисæн – 27 бон – хуыцаубоны

### МАЙРÆМЫ МÆЙ (АВГУСТ)
Задæлесчы Нана – 2 бон – сабаты
Беслæны Уастырджи – 3 бон – хуыцаубоны
Дурджын бæрзонды Уастырджи – 10 бон – хуыцаубоны
Ног дзуар – 10 бон – хуыцаубоны
Майрæмы куадзæн – 29 бон – майрæмбоны
Ирыхъæуы дзуæрттæ – 31 бон – хуыцаубоны

### РУХÆНЫ МÆЙ (СЕНТЯБРЬ)
Беслæн. Номарæн бонтæ – 1-3 бонтæ –
Фæззæджы Аларды – 1 бон – къуырисæры
Нары дзуар – 3 бон – æртыццæджы
Фæззæджы Тутыр – 15 бон – къуырисæры
Мыкалгабыр – 18 бон – цыппæрæмы

### КÆФТЫ МÆЙ (ОКТЯБРЬ)
Дзылаты Уастырджи – 5 бон – хуыцаубоны
Ичъына – 12 бон – хуыцаубоны
Дыгургомы Уастырджи – 12 бон – хуыцаубоны
Джеры Уастырджи – 12 бон – хуыцаубоны
Къостайы райгуырæн бон – 15 бон – æртыццæджы
Хоры сæры куывдтæ – 26 бон – хуыцаубоны

### ЧЫНДЗÆХСÆВТЫ МÆЙ (НОЯБРЬ)
Уастырджимæ кувæн галæргæвдæн хуыцаубон – 16 бон – хуыцаубоны
Уастырджимæ кувæн æхсæв – 17 бон – дыццæгæхсæв
Уастырджимæ кувæн къуыри – 17-24 бонтæ –
Уастырджийыл хи фæдзæхсæн – 23 бон – хуыцаубоны
Уастырджийы фæндарастгæнæн æхсæв – 24 бон – дыццæгæхсæв

### ЦЫППУРСЫ МÆЙ (ДЕКАБРЬ)
Ныккола – 7 бон – хуыцаубоны
Цыппурс (ног нымадæй) – 25 бон – цыппæрæмы
Ногбоны æхсæв
(ног нымадæй) – 31 бон – æртыццæджы изæрæй

***Къæлиндар скодта ЦГЪОЙТЫ Хазби***



*æмдзæрийнæн куд бæззæн, уомæн агъаз бакæнæнтæ! Хæлардзийнадæ ни нæ алкæмæн дæр æ царди фæткæ куд исуа! Нæ амменæгæнгути цæрæццаг гъæлæстæ алкæддæр Иристони арви буни куд нæронцæ, нæ фидтæлти фарнæй хайгин куд уонцæ, уæхæн амонд нæ уæд! 2025 анз нин арфиаг анз фæуuæд!..*



# Дигорон къæлиндар 2025

| Мæйи бонтæ | Бæрæгбон | Къуæрей медæгæ бæрæгбони: райдайæн | Къуæрей медæгæ бæрæгбони: кæрон | Бунат, рауæн |
|---|---|---|---|---|
| **ÆНСУРИ МÆЙÆ (январь)** | | | | |
| **...1** | Нæуæг анзи фиццаг бон | Æртиккæгизæри | Æртиккæги | Хæдзæртти, кустуæтти |
| **7** | Киристей райгурцæ | Геуæргибони | Геуæргибони | Аргъауæнти, хæдзæртти |
| **7-8** | Бундортæ | 2-аг æртиккæгæхсæви | Æртиккæги | Хæдзæртти |
| **10** | Æртхорон (Артæмбæрзæн) | Майрæнбони | Майрæнбони | Хæдзæртти, Къорай, Уорсдони |
| **9-10** | Басилтæ | Майрæнизæри | Майрæнбони | Хæдзæртти |
| **13-14** | Нæуæг анз (зæронд нимадæй) | Геуæргибонæхсæви | Геуæргибони | Хæдзæртти |
| **16-17** | Согæвæрæн майрæнæхсæвæ | Майрæнæхсæви | Майрæнбони | Устур-Дигори зилди гъæути |
| **19** | Фонсиуарæн Фæлвæра | Хуцауæхсæви | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| **19-20** | Бадæнтæ | Авдисæризæри | Авдисæри | Хæдзæртти |
| **25...** | Дигори изæд | Фæстаг хуцауæхсæви | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Задæлески |
| **25...** | Зиниатæ (Уацелла) | Фæстаг сабати (сæумæ) | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Хæнæзи |
| **25...** | Зиниатæ (Гъæуизæд) | Фæстаг сабати (рæфти) | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Дунти |
| | Фацбадæн: | | | |
| **25...** | – Хуцау; Идауæг | Фæстаг сабати (изæрæй) | Къуæрей фæсте | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| **27-28** | – Уасгерги | Геуæргибонæхсæви | Геуæргибони | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| **30** | – Цæуæн цуппæрæн | Цуппæрæни (сæумæцъæхæй) | Цуппæрæни | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| **КОМАХСÆН (февраль)** | | | | |
| **1-2** | – Сæризæд (Сæризæди бæмпæгæвæрæн хуцауæхсæвæ) | Хуцауæхсæви | Хуцаубони | Хæдзæртти, Устур-Дигори зилди гъæути |
| **16** | Комахсæн | Хуцауæхсæви | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| **24-2...** | Цæрвкъахæнтæ (уорсæгти къуæре) | Авдисæри | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| **26-28** | Балдæрауз (зумæги кæрони уазал бонтæ) | Æртиккæги | Майрæнбони | Хæдзæртти |
| **КÆРДÆГÆЗМÆЛÆН (март)** | | | | |
| **1** | Ораза (Комбæттæн) | Сабати | Хуцаубони 30-аг мартъий | Хæдзæртти |
| **1-3...** | Балдæрауз (зумæг уалдзæгæй æртæ бони æфстау ракурдта) | Сабати | Авдисæри | Хæдзæртти |
| **3** | Комбæттæн (кирист.) | Авдисæри | Хуцаубони (20-аг апърели) | Аргъауæнти, хæдзæртти |
| **8** | Силгоймæгти бæрæгбон | Сабати | Сабати | Хæдзæртти, кустуæтти |
| **30** | Ораза (Комуадзæн) | Хуцаубони | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| **ХУМИДАЙÆН (апрель)** | | | | |
| **3** | Хумидайæн (фиццаг) | Цуппæрæни | Цуппæрæни | Дигоргоми ниллæг æвæрд гъæути |
| **7** | Тотуртæ (фустæ зад ку фæуунцæ, уæд) | 1-аг авдисæри | Авдисæри | Хæдзæртти, уотæртти |
| **10** | Хумидайæн (дуккаг) | Цуппæрæни | Цуппæрæни | Дигоргоми бæрзонд æвæрд гъæути |
| **12** | Назутæ | Сабатизæри | Сабати | Хæдзæртти, уæлмæрдти |
| **20** | Пасхæ (Комуадзæн) | Хуцауæхсæви | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| **20** | Бæлдæрæн (Арви гъæрæй æрдзæ райгъал уй. Арв æма зæнхæ кæрæдзей бауарзунцæ) | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| **26** | Касутæ (Нæуæг киндзи донмæ рахунд) | Фæстаг сабати | Сабати | Хæдзæртти, дони цори |
| **ХАНСИ МÆЙÆ (май)** | | | | |
| **5** | Алаурди | 1-аг авдисæри | Авдисæри | Хæдзæртти |
| **9** | Уæлахези бон | Майрæнбони | Майрæнбони | Хæдзæртти, æхсæнæдти |
| **12** | Никкола (Гулуй кувд) | 2-аг авдисæри | Авдисæри | Лезгори ковæндони |
| **18** | Устур Хуцауи кувд | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Задæлески ковæндони |
| **18** | Хуцауи дзиуарæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Хъармани ковæндони |
| **22, 24** | Зæлдæвæрæн (Зæлдгæрдæн) | Цуппæрæни кенæ сабати | Цуппæрæни кенæ сабати | Хæдзæртти, уæлмæрдти |
| **АМИСТОЛ (ХОРХÆТÆН) (июнь)** | | | | |
| **8** | Кæрдæгхæссæн | Хуцаубони | Хуцаубони | Хæдзæртти |
| **6-9** | Хъурмантæ | Майрæнбони | Авдисæри | Хæдзæртти |
| **15** | Багъайти дзиуарæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Къумбулти ковæндони |
| **15** | Уасгерги | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Дзинагъай ковæндони |
| **15** | Хуцаузæнгæ | 3-аг хуцаубони | Хуцаубони | Къумбулти ковæндони |
| **28** | Туххуæстæг | Фæстаг сабати | Сабати | Хъалнæгъти (Тъæпæн Дигори гъæути) |
| **28** | Циргъесæн | Фæстаг сабати | Сабати | Донифарс, Къумбултæ, Устур-Дигорæ æма æнд. |

## ИЮЛЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | 31 | | | |

## АВГУСТ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |

## СЕНТЯБРЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | | | | | |

## ОКТЯБРЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | | |

## НОЯБРЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |

## ДЕКАБРЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | 31 | | | | |



***АЙЛАРТИ Измаил (1924-2018), финсæг: «Адæймагæн цийфæнди кари дæр ку уа, уæддæр ин фæууй аллибони царди сæрмагонд ихæстæ æма бартæ. Æ бартæй испайда кæнунмæ, æ ихæстæ бафедунмæ цæйбæрцæ исарæхсуй, уойбæрцæ нивгундæр, фæрнгундæр рауайуй æ цардвæндаг... Æмбаргæ адæймаг æхсæнадон ихæстæ æма барти хæццæ – цардгъондзийнади нисан, æнæ уомæй исонибони***



# «ÆЙ ДУЙНЕ АЙДАГЪДÆР УАРЗТИ НИВÆН!..»










*Цугулити Еленæн æ цардвæндаги æма æ исфæлдистади туххæй æ рæстæги берæ аллихузон æрмæгутæ мухургонд æрцудæй, алкедæр си берæ цæмæйдæртæй цæмæдессаг æй, фал нæ газети гæнæнтæ уотæ 'нцæ, æма уонæн сæ еугуремæй испайда кæнуни равгæ нин нæййес. Уомæ гæсгæ ба абони испайда кæндзинан, е 'мзæнхон, нæ республики игъустгонд æхсæнадон архайæг* ***Дзопойти Юрий*** *(е дæр, гъулæггагæн, абони не 'хсæн нæбал æй, рохсаг уæд…) аци номдзуд силгоймаги туххæй кæддæр ци имисуйнæгтæ ниффинста, уонæй:*

– Рагæйдæр æз хуарз зудтон Цугулити Елени. Еу рауæнæй ан нæ дууæ дæр – Мæздæги районæй Черноярскийи станицæй. Æма кæд Еленæ мæнæй 23 анзи хестæр адтæй, уæддæр ирдтан еумæйаг æвзаг, литератури, истори, политики фарстатæбæл дзоргæй, фулдæр ба Черноярскийи туххæй уидæ нæ дзубандий сæр, æ героикон евгъуд доги, е 'хсаргин тугъдонти, Геуæргий дзиуари кавалерти туххæй. Уонæмæ хаунцæ æ фиди фидæ, уæдта нæ дууей фидтæлтæ дæр.

Хъæбæр сæрустур адтæн æма дæн мæ номдзуд æмзæнхонæй, куд искурдиадæгин адæймаг, идæрдтæбæл игъустгонд финсæг æма публицист, советон доги нæ Фидибæсти тæккæ кадгиндæр журнал «Крокодил»-и редакцион коллеги иуонг, уотæ ин хъæбæр устур аргъ кодтон æма кæнун.

Еленæ Мæскумæ ку рандæй цæрунмæ, уæд æз ба Советон Æфсади службæ кодтон, ахид æмбæлунæн нин равгитæ нæ адтæй, æма ефстагмæ ку исæмбæлианæ, уæд нæ дзубанди хъæбæр зæрдæхцæуæнæй радаргъ уидæ, имистан евгъуд æнзтæ. Аллихатт дæр дес кодтон æ гъæздуг библиотекæбæл; революций размæ æма советон доги фæсарæйнаг æма ирон финсгути уадзимистæ имæ берæ ке адтæнцæ, уобæл. Æ гъæздуг библиотеки хецæн сæрмагонд бунат адтæй, сæ киунугутæ ин ка балæвар кодта, еци финсгути уадзимистæн. Уони хæццæ – М. Светлов, В. Катаев, М. Соболев, М. Шагинян, Мугути Хадзиморат æма æндæртæ. Тæккæ уарзондæр автортæ ба ин Аристофан, Аркадий Аверченко, Михаил Зощенко, Антон Чехов æма Хетæгкати Къоста адтæнцæ. Аци авторти исфæлдистади æндæвдадæ уæлдай хъæбæрдæр фæззиндтæй Еленæн æхе исфæлдистадæбæл. Адæймагон юмор æма сатирæ ин кæддæриддæр адтæнцæ искурдиади, гуманизми, культури, хуæдæфсармæдзийнади æма хумæтæгдзийнади тæккæ бæрзонддæр дæнцæг.

Гъулæггагæн, Цугулити Елени исфæлдистадæ нури рæстæги иронхуати райзадæй. Рауагъдæдтæ ин нæбал уадзунцæ æ искурдиадæгин сатирикон киунугутæ, фæсевæд ба 'й, мæнмæ гæсгæ, зонгæ дæр нæ кæнунцæ. Уомæ гæсгæ мæн бафæндадтæй Еленæн æхе туххæй мæ имисуйнæгтæ æма æ исфæлдистади туххæй ба цубурæй мæ гъудитæ ниффинсун.

Цугулити Александри кизгæ Еленæ райгурдæй 1909 анзи 2 октябри Черноярскийи станици хъазахъаг æфсади ирон афицери хæдзари. Æ фиди фидæ Иван адтæй рæнгъон хъазахъаг, фескъуæлхтæй Дунайи тугъди 1877-1878 æнзти, иссæй Геуæргий дзиуари кавалер. Æхе фидæ æма фиди æнсувæр Габле (Гаврил) ба адтæнцæ Терки хъазахъаг æфсади болкъонтæ, Фиццаг дуйнеуон тугъди хъазауатон архайгутæ. Сæ бæгъатæрдзийнади туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ берæ ордентæ æма майдантæй. Уони хæццæ Сугъдæг Геуæргий IV къæпхæни орденæй дæр. Еленæ устур аргъ кодта æ фидæн. Гъулæггагæн, 1937 анзи репрессити азари æвудæй бахаудтæй. Исраст æй кодтонцæ 1956 анзи.

Куд «адæми знаги» кизгæ, уотæ Цугулити Еленæ бавзурста берæ зиндзийнæдтæ, æлхъивд, æфхуæрд, æнæрастдзийнæдтæ. Уой фудæй æй багъудæй Иристонæй рандæун, рахау-бахау кодта Кавкази хуæнхтæбæл æма гъæутæбæл. Фал зиндзийнæдтæн разиндтæй фæразон, æ хъаурæ æма æ нифс ин неци басаста, зудта æй, æ царди нивæ æхецæй аразгæ 'й, аллирауæн дæр æвæллайгæй куста æхебæл, ахурбæл фæццалх æй, кастæй киунугутæ, уæлдайдæр ба фæсарæйнаг æма уруссаг литератури классикти уадзимистæ. Бундоронæй рартаста Хетæгкати Къостай исфæлдистадон бунтæ, е 'мзæнхон тугъдон æма финсæг Гурдзибети Блашкай уадзимистæ.

Уæдмæ уавæртæ уотæ рауадæнцæ, æма 1938 анзи кæрони Еленæ æрæздахтæй Иристонмæ, косун райдæдта республикон радиокомитети. Адтæй дикторти студий директор, музыкалон редактор, фæстаг хабæртти редактор. Ами райдæдта æ литературон архайд æма журналисти беранзон куст дæр.

Ами ма куста, уотемæй райдæдта Устур Фидибæстон тугъд. Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте ба æ кусти бунат райййивта газет «Рæстдзинад»-мæ, æма ами уæлдай разæнгардæй бавналдта ирон æвзагбæл информацитæ, аллихузон уацтæ æма очерктæ финсунмæ. Тузмæг 1942 анзи Цугулити Еленæ архайдта Дзæуæгигъæу немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни туххæй мадзæлттæ аразуни кустити: къахта танкити нихмæ арф къанæуттæ æма федæрттæ, лæвардта æхца гъæуайкæнуйнади гъуддагмæ, еу æма дууæ хатти нæ рандæй гъæуайкæнуйнади раззаг ханхæмæ, фембæлидæ Иристон гъæуайгæнæг æфсæддонтæ æма афицерти хæццæ. Еци тугъдон æнзти ниффинста очерктæ æма радзурдтæ Иристони æхсаргин фурттæ, Советон Цæдеси Бæгъатæртæ Цоколати Геннадийи, Ходи Къостай, Къесати Астани, инæлар Худæлти Харитони æма тугъди æндæр берæ архайгути туххæй.

Куд еци тæссаг бæнтти хъазар хæзна, уотæ Еленæ фæстугъд дæр æфснайдæй дардта, 1942 анзи ин Дзæуæгигъæуи гъæуайкæнуйнади Комитет ци пропуск æма справкæ равардта, уони. Справкæ адтæй, 1942 анзи 2 декабри ин фашистон хуæдтæхгутæ æ хæдзарæбæл бомбæ ке 'ргæлстонцæ æма уой фудæй ке ниппурхæ 'й, уой туххæй.

Тугъди фæсте Цугулити Еленæ куста Дзæуæгигъæуи æфсæнвæндаги мухури фæрæзни – газет «Магистраль нефти»-й уацхæссæгæй. 1947 анзи арæхстгин журналистки косунмæ райййивтонцæ Мæскумæ центрон газет «Гудок»-мæ. Бæсти алли къумтæй ци очерктæ, фельетонтæ æма уацтæ финста, уони фæрци айдагъ журналистти æма финсгути 'хсæн нæ, Цугулити Елени бауарзтонцæ нæ бæсти мухуркæсæг дзиллæ, æфсæнвæндаги еугур къабæзти косгутæ.

Фараст анзей фæсте Еленæ иссæй еугурцæдесон журнал «Крокодил»-и уацхæссæг, тагъд рæстæги æй райййивтонцæ сæйрагдæр хайæдтæй еуей редактори хуæдæйййевæгæй. Ами уæлдай бæлвурдæй раргом æнцæ æ берæвæрсуг искурдиадæ æма устур кустгъондзийнадæ. Еу инней фæдбæл журнали мухургонд цудæнцæ æ фельетонтæ, сатирикон очерктæ æма радзурдтæ. Уæдмæ фæззиндтæй æ уацаути æма æндæр литературон уадзимисти æмбурдгонд дæр.

Цугулити Еленæн æ хъазауатон фæллойнæ æма искурдиадæн устур аргъгонд æрцудæй – исаккаг ин кодтонцæ УСФСР-и, культури æскъуæлхт косæги кадгин ном, 1989 анзи ба Софияй юмористон радзурдти Дуйнеуон конкурси лауреат.

Журнал «Крокодил»-и косгæй, Цугулити Еленæн адтæй æнгом зæрдтагон бастдзийнадæ æ райгурæн Иристони хæццæ. Берæ финста е 'мзæнхонти туххæй, ахид æмбалдæй республики финсгутæ æма поэтти хæццæ, æвæллайгæй архайдта Иристони цæргути тухстаг материалон-цардиуагон фарстатæ лух кæнуни гъуддæгутæбæл.

Цугулити Елени кустгъондзийнадæ æма исфæлдистадон бунти туххæй зæрдæмæдзæугæ гъудитæ зæгъиуонцæ, æ уадзимисти туххæй кадæриддæр ниффинсидæ, етæ еугурæй дæр. Зæгъæн, 1981 анзи Мæскуй, «Финты бабушки Таси», зæгъгæ, ци киунугæ рауагъта, уой раздзубандий финст ес: «… ее перу принадлежат семь тысяч газетных статей (первая появилась в газете «Советский пахарь» Ростов-на-Дону в 1923 году, последующие в «Гудке»), четыреста два фельетона (первый в «Гудке», последующие в «Крокодиле»), двести пятнадцать юмористических рассказов (все в «Крокодиле») и одна повесть (в отдельном издании). Рассказы Е.А. Цугулиевой переведены на французский, немецкий, болгарский, польский, итальянский, сербо-хорватский, румынский, чешский, словацкий и, конечно же, на осетинский языки».

Аци гъудимæ гæсгæ ма уой дæр зæгъун гъæуй, æма 1981 анзæй фæстæмæ Цугулити Еленæ ма ниффинста дæсгай фельетонтæ, радзурдтæ, рауагъта хецæн киунугутæ. Æдеугур ба ин рацудæй æстдæс киунуги, уонæй цуппар – Иристони. Киунугæкæсгути зæрдæмæ хъæбæр фæццудæнцæ «Эстеты из Кукановки». «Похищение Мадонны», «Шабашник идет к финишу», «Землетрясение в Беное» æма Елени æндæр киунугутæ.

Æ радзурдти, фельетонти, сатирикон очеркти Цугулити Еленæ ходуй бюрократтæбæл, гæртанесгутæбæл æма лæвархуартæбæл, гурумухъ æма мæнгард адæймæгутæбæл, тæхгæсæртæбæл, еудзурдæй, хецæн æведауцæ адæймæгутæбæл æма æхсæнади гъæндзийнæдтæбæл. Еци гъæндзийнæдтæ, гъулæггагæн, æнцæ нæ абони æхсæнади царди дæр, уомæ гæсгæ аци киунугутæ адæм абони дæр гъæуама кæсонцæ, уомæн æма син агъаз уодзæнæнцæ алцæмæй дæр федауцæ æма рæстдзийнади бундорбæл цардиуагæ аразуни гъуддаги, цæмæй царди райдзастдзийнадæй хайгин уонцæ аллихузон æдзæсгæнттæ нæ, фал уодигъæдæй кæдзос æма раст дзиллæ.

Пенсимæ рацæуни фæсте Цугулити Еленæ идарддæр дæр куста «Крокодил»-и, адтæй литературон консультант, фельетонистти мæскуйаг секций сæрдар, бакодта устур куст – ниффинста «Уруссаг-дигорон дзурдуат», уæдта Кочисати Рози туххæй радзурд. Финста фельетонтæ, уæдта цæттæ кодта Уæрæсей æма Иристони зундгонд адæймæгути хæццæ фембæлдтити туххæй æ имисуйнæгтæ. Уæззау æма дæргъвæтийнæ сæйги фæсте Цугулити Еленæ рамардæй 1994 анзи 26 августи. Байвардтонцæ 'й Мæскуй уæлмæрдтæй еуеми. Цæгат Иристони разамунд ци некролог бафинста, уоми загъд æй: «Цугулити Александри кизгæ Елени хуарз зудтонцæ æма ин устур аргъ кодтонцæ республики фæсевæд æма ветерантæ, журналисттæ æма финсгутæ. Æ искурдиадæн аргъгæнгути 'хсæн адтæнцæ айдагъ Иристони нæ, фал еугур Кавкази цæргутæ дæр…»

* * *

*Идарддæр ба 7-аг фарсбæл кæсетæ ЦУГУЛИТИ Елени финст радзурдтæй еу.*

## АРФИАГÆЙ ÆЙ ГЪÆУАМА ИМИСÆН…



**ХÆМИЦАТИ Морис, журналист:**

– Хуæрзæригон ма адтæн, уотемæй базудтон Цугулити Елени – раст зæгъгæй, фæсфæдмæ, æ уацтæмæ гæсгæ. Еуемæй мин хъæбæр æхцæуæн адтæй, æгайтима не 'мзæнхон силгоймаг уоййасæбæл искурдиадæгин æй, æма косуй уæди рæстæгути Советон Цæдеси тæккæ нимаддæр журнал «Крокодил»-и, иннемæй ба хъæбæр цæмæдесагæй кастан æ финст фельетонтæ æма сатирикон уадзимистæ. Æз уæд мæхуæдæг дæр æвзурстон игъæлдзæг радзурдтæ финсун æма мин Елени финст æрмæгутæ берæ цæмæйдæрти агъазгæнæг адтæнцæ.

Советон доги Цугулити Елени ном игъустгонд адтæй, æ уадзимистæ зундгонд адтæнцæ Советон Цæдеси еугур рауæнти дæр, сауæнгæ ма фæсарæнти дæр. Гъе уомæ гæсгæ ба, кæд, гъулæггагæн, не 'хсæн нæбал æй, уæддæр æ рохс ном, æ агъазиау хъиамæттæ абони дæр гъæуама нимад цæуонцæ, æ ном гъæуама иронхуати ма уа, гъæуама 'й зононцæ нæ дзиллæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ.

**) Æхсæзинсæй анзей размæ (1905 анзи 22 январи) Петербурги æрцудæй æверхъау цау – паддзахи æфсæдтæ ниддæрæн кодтонцæ фæллойнæгæнгути сабуйрадон демонстраци. Еци бон анзфинстити байзадæй Тоггин хуцаубон, зæгъгæ, номи хæццæ.**

хуæздæрмæ тундзæн нæййес.. Еунæгæй цæрун гъæди халон дæр нæ фæразуй. Адæймагæн ба æ ном æ уæле æй: адæми еу хай æй, æма ин æнæ æхсæнади гъомусæй уæн дæр нæййес, ирæзæн дæр. Æхсæнади рази адæймаг баргин ци хæрзтæй фæууй, уонæбæл баст æрцæунцæ æ ихæстæ идарддæри царди. Æхсæнади ихæсти хæццæ – бийнонти, синхбæсти, гъæубæсти ихæстæ...»





# РЕСТОРАНИ ХЕЦАУ

Немуцаг хуæдтæхгутæ сæ бомбитæ æрæгъзалдтонцæ æма уоййадæбæл æрбайсавдæнцæ. Дæрæнгонд азгъунстити сæрмæ ма сау хъуæцæ фæйнердæмæ ивулдæй, сæ къæрæзгити æвгити дзæгъалмугъул нæма басабур æй, уотемæй бабæй æхсун райдæдтонцæ дзармадзантæ. Æхстонцæ ахид æма æнæнгъæлти. Æма уæд, уой фæсте сахари сæрмæ цъæх арв бæрæг нæбал уидæ хъуæцæ æма руги пæлæзæй, гъæунгти рацæуæн нæбал уидæ. Агорити æма æндæр арæзтадон æрмæгути пурхити зæйтæй.

Гъе уæхæн уавæри адтæй нæ сахар тузмæг 1942 анзи фæззæги бæнттæй еуеми. Уогæ айдагъ еци бон нæ. Дзармадзанти гъæрæй, фашистон хуæдтæхгути æнæуинон ниудбæл, бомбити хелаги скъотбæл мах раги исахур ан. Æма еу минкъий рæстæг нин рафунæйæн фадуат ку фæууидæ, уæд еци уавæрти дæр игъал дæр нæбал кодтан. Уогæ ба æхсæвæ цанæбæрæг фунæй кодтан, фулдæр рæстæг нæбæл аллихузон сагъæстæ кæнгæй æрсæумæ уидæ.

Мах цардан æма кустан, знаг ке фалдзости лæудтæй, уæхæн сахари. Æма цæмæй дин кусти медæгæ фулдæр бантæса, уой туххæй ба хуссун дæр æма хуæрун дæр гъудæй…

Хуæргæ ба кодтан, æнæгъæнæ сахари ма ци еунæг хуæрæндонæ куста, уоми. Раздæр æ бунати ресторан адтæй. Уогæ иннæ хуæрæндæнттæ гъæугæ дæр нæбал кодтонцæ: сахари ма хуæрз минкъий адæм байзадæй. Байзадæнцæ ма си, æ бон фондз лæгей бæрцæ косун кæмæн адтæй, сахари цард фæккеун ка нæ бауагътайдæ, етæ.

Аци хуæрæндонæ, куд раздæр, уотæ ма адтæй хуæрзæфснайд, кæдзос, алкæмæн дæр си салам лæвардтонцæ зæронд лæгтæ – официанттæ.

Фæскуст ардæмæ, залмæ, фæлладæй æмбурд кæнун райдайиуонцæ адæм. Бонигон дæр си æрдæгталингæ адтæй. Æфсæйнагæй æмбæрзæнтæ еудадзуг бунмæ уагъд адтæнцæ, цæмæй къæразги æвгитæ бомбити исрæмугъдтитæй ма æрæгъзалдайуонцæ, уой туххæй. Еуминкъий рохс лæвардтонцæ сойни цирæгътæ – электрон тухæн æ кой дæр нæ адтæй.

Фал, Метин Дадай хузæн фæззиндтæй дядя Яшæ, фингæмæ æрбахаста раздæри хузæн хуæрзадæ сехуар: борщ, халсартæ, ливзæ. Ахид хуæрæндони сæрмæ райгъусидæ дзармадзани нæмгути унæр. Æма уæд скъаппи диз-диз кодтонцæ агувзитæ, сойни цирæгътæ фæххуссиуонцæ, æма уæд дядя Яшæ, стъолбæл хуæруйнаг райвæргæй, æ уорс сæрбæл мæстгунæй фæххуæцидæ.

Еуæй-еу хатт хуæруйнаггæнæнæй тургъæмæ рацæуидæ Вано – рацæргæ æма хуæрзхуз хестæр хуæруйнаггæнæг. Сагъæсхузæй кастæй хуæнхти ’рдæмæ. Æфцæгæн æ иннæ фарс адтæй æ хорæфсæст райгурæн бæстæ. Уордæмæ дæр байервæза знаг, е нæ фæндадтæй зæронд гурдзиаги. Æма ин фадуат ку фæууидæ, уæд хуæруйнаг амал кодта райдзаст Гурдзимæ над гъæуайгæнгутæн.

Кæд сахари æ цæргутæй ефстæгтæй уæлдай нæбал байзадæй, уæддæр аци зали ба алкæддæр берæ адæм адтæй. Ардæмæ цудæнцæ партион æма фæскомцæдесон организацити косгутæ, знаги хуæдтæхгутæ ка кунæг кодта, еци батальонти тугъдонтæ, ополченецтæ. Ами хуардтонцæ дохтиртæ, аллихузи службити, бастдзийнади, редакцити æма типографити косгутæ. Цубурдзурдæй – сахари актив. Кæддæр пленумти, сессити æма æндæр аллихузон æмбурдтити æмбалдæнцæ. Нур ба – ами. Æма кæрæдзей хæццæ ку радзубани кæниуонцæ, кæрæдземæн сæ царди хабæрттæ ку ракæниуонцæ, уæд сæмæ уотæ кастæй, цума сæ уæззау ихæстæ дзæвгарæ фæррæуæгдæр æнцæ.

Фронтæй æрбацæуæг тугъдонтæ дæр ахид фæззинниуонцæ хуæрæндони. Сæ цæсгæнттæ – хорсугъд æма ругæйдзаг, сæ цæститæ æнæхуссæгæй сурх дардтонцæ. Сæ хæццæ æрбахæссиуонцæ топпихуаси хъуæци тæф. Сæ дзоли хæйттæ стъолæбæл æрæвæриуонцæ, сæ тохæнгарз ба фарсбæл арæхстгай бакъолæ кæниуонцæ. Ресторани дуармæ сæмæ сæ «виллистæ» æнгъæлмæ кастæнцæ. Тагъд-тагъдæй рахуæриуонцæ, сæ дзоли уæлдæйттæ æма æхца стъолбæл фæууадзгæй, цидæр æрбауиуонцæ.

Знаги хуæдтæхгутæ сахари сæрмæ фæззиндзæнæнцæ æма ибæл бомбитæ æркалдзæнæнцæ, зæгъгæ, тæссагдзийнадæ ку исæвзуридæ, уæд адæмæн æвæстеуатæй игъустгонд æрцæуидæ, сахарæй рандæ уотæ, зæгъгæ. Ресторани косгутæ æрбамбурд æнцæ цæлгæнæни – фæндаггаг сæ хæццæ хуæлцæ райсунмæ. Еци рæстæг фæззиндтæй ресторани директор Александр Ивани фурт æма син загъта:

– Кæд гæнæн ес, уæд ма исонмæ бакосетæ, уæдта рандæ уодзинайтæ.

Дуккаг бон бабæй адæм хуæрæндонæмæ сехуармæ ку æрбамбурд æнцæ, уæд Александр Ивани фурт æ косгутæмæ сæ еугуремæн дæр фæдздзурдта æма сæ бакодта, кæддæр оркестр ци уæлбили цагъта, уордæмæ. Директор хъæдавæ æмбæрзæн æ къохæй минкъий райеуварс кодта æма залмæ райамудта:

– Уинетæ уæхуæдтæ, хуæруйнаг кæмæн амал кæнæн, уони. Сахатти фæсте, гæнæн ес, æма бацарæфтуд уодзæнæнцæ. Фал, етæ уобæл æгириддæр нæ гъуди кæнунцæ, уотемæй нифсхастæй гъæуай кæнунцæ нæ сахар.

Адæм неци дзурдтонцæ.

– Уæ зæрдæбæл æрлæуун кæнетæ, анз æма æрдæги размæ ба куд адтæй уавæр? Аци фингити уæлгъос ка бадтæй?

Рæстæг цума фæстæмæ раздахтæй, уой хузæн… Гъо, бустæги æндæр хузи адтæй аци зал тугъди размæ. Мæнæ ами, аци уæлбилæ цагъта джаз. Хуæруйнаггæнæни фингитæмæ парахаттæй ивулдæнцæ европаг æма скæсæйнаг хуæруйнæгтæ. Ами бæрæггонд цудæнцæ игурæн бæнттæ, аразтонцæ си киндзæхсæвæртæ, аллихузон фембæлдтитæ. Нæуæгбони ба тæмæнтæкалгæ нæзи бæласæ зæрдитæ рохс кодта. Сауæнгæ сæуми уæнгæ дæр сæ кафун æма зарунæй не ’нцадæнцæ игъæлдзæг, амондгун адæм.



Ардæмæ ахид фæззинниуонцæ фæсарæйнаг иуазгутæ дæр, иуазæгдонæ «Интурист»-и ка ’рбунат кæнидæ, уæхæнттæ – æнахур чумæданти хæццæ, сæ еугурдæр нæуæг къартæесæнти хæццæ. Байагориуонцæ фезонæг, сæхецæн фæццæгъдун кæниуонцæ скæсæйнаг цæгъдтитæ. Дуккаг бон ба сæ сæумæй автобус фæлласидæ æфцæги сæрти.

Абони еци бæрæгбонарæзт адæмæн сæ кой дæр нæбал æй… Къурткитæ, телогрейкитæ, уæззау батинкитæ, ругæйдзаг цулухътæ. Уæдта æнæуой дæр адæм куддæр фендæрхузи æнцæ: сæ бакаст фæгъгъунтъуздæр æй, фæккарздæрхуз æй, сæ дзурд дæр фæккарздæр æй. Сæ цæсгæнттæ фенцъулдтæ ’нцæ. Джази бæсти ба адæми сæрмæ игъусунцæ дзармадзанти нæмгути скъот, бомбити гуппитæ – тугъди тузмæг музыкæ…

– Нуртæккæ нæмæ ци адæм бадуй, уонæй хуæздæр æрбацæуугутæ нæмæ некæд адтæй, – исдзурдта кадæр. Æви сæ гъостæбæл рауадæй…

Циуавæрдæр æнахур гъудити фæсте сæхемæ ку ’рцудæнцæ, уæд Александр Ивани фурт сæ рази нæбал адтæй. Алке æнæ дзоргæй æ кусти уæлгъос æрлæудтæй. Пецтæй райгъустæй арти гур-гур, райгъустæй авгин дзаумауи унæр. Бæстæ æмæзмæлд иссæй.

* * *

… Хуæлцæ кунæг кæнун райдæдта. Ресторани директор тухстæй. Æнцъулдæрфугæй тургъæбæл зелæнтæ кодта. Æ фæдбæл мæтъæлæй цудæй завхоз дæр.

– Мадта ци бахуæрун кæндзинан абони нæ адæмæн?

– Цæлгæнæни халсартæ ес, Александр Ивани фурт. Дзæвгарæ ма си ес.

– Халсартæ… Къумбулæй идардмæ нæ рахуæцдзæнæ, – бахъур-хъур кодта директор, уæдта æ дзубандибæл бафтудта: – Иссерун гъæуй фид. Тагъддæр уайæ фиди комбинатмæ!

Завхоз силгоймаги хузæн бахъур-хъур кодта:

– Фиди ком-би-натмæ? Æма ’й зонгæ ба кæнис ци уавæри æй, уой? Нæмгутæ си ехуарæгау кæлунцæ!

– Циуавæр нæмгутæ? – цума неци зонуй, уой хузæн рафарста директор.

– Циуавæр нæмгутæ? Немуци нæмгутæ. Дæхе гъостæй сæ нæ игъосис?

Уæлдæф низмалдæй. Зæнхæ нирристæй. Хæдзари сæрæй рахаудтæй æфсæйнаг æмбæрзæн æма æ дзæгъалмугъул райгъустæй. Александр Ивани фурт зæнхæй исиста, ци æфсæйнаг рахаудтæй, уой, фал уæдмæ завхозæн æ кой, æ гъæр дæр нæбал адтæй.

– Кошелев! – фæдздзурдта имæ, фал æй нартихуари гъæдти æхсæнæй рабургæй ку фæууидта, уæд æ медбилти худт нæбал бауорæдта.

– Гъæйдæ, мадта, цæун фæндæ нæ кæнис фиди комбинатмæ! Æма ке æхсунцæ ке, еци немуц?

– Нæхе Сурх Æфсади тугъдонти, – мæтъæлæй исдзурдта Кошелев, – нæ бæгъатæр лæхъуæнти нин цæгъдунцæ еци æнаккæгтæ.

Фал алкæд сабур гъæлæсиуагæй ка дзурдта æ хæццæ, нур еци адæймаги дессаги мæстгун цæститæ ку рауидта, ка рафæлорс æй æма зир-зир кæнун ка райдæдта, еци билтæмæ ку фæккомкоммæ æй, уæд æхе сабургай еуварс ласунмæ фæцæй.

– Æма уæд ду ба? Ду уонæй уæлдай уæлбекъон дæ? Уони ку ес цæгъдæн!.. Тæккæ абони дæ мæхе къохæй рагæрах кæндзæнæн! Сахатти фæсте фид ами куд уа, уотæ бакæнæ!

– Цæудзæнæн, – туххæй ма исфæразта исдзорун Кошелев. – Гъæр мæбæл ма кæнæ. Фехсунæй дæр мæ ма тæрсун кæнæ. Фал цæбæл æрбаласдзæнæн фид, цæбæл? Нæ машинттæ еугурæйдæр æфсæддон хæйттæн ку равардтан?

Фал «æнхус» æхуæдæг æхе къахæй фæззиндтæй. Хуæруйнаггæнæнæй рацудæй къостæхснæг Дмитриева æма, æ сойнæйдзаг къохтæ æ раздарæнæй сæрфгæй, загъта:

– Нур, цума, алкæд гъарæнгæ кæнун ци байдаис? Мæлæти берæ фид нæ ку нæ гъæуй? Æхсæз пути нин фагæ æй, Александр Ивани фурт? Æма, уæд, кæд фагæ æй, уæд сæ мах Кошелеви хæццæ уæртæ бæхуæрдунæй æрбаласдзинан…

… Еци бон дæр æма дуккаг бон дæр адæмæн фиди хæццæ хуæруйнаг кодтонцæ.

Еци рæстæг ду сахари нæ адтæ? Адтæ? Мадта уæд æнæфæууингæ нæ фæцайсæ иуазæгуатмæ бацæуæн дуарбæл рахесæрдигæй минкъий гæгъæдий гæбазæ ауигъдæй. Æ уæле финст:

«Ресторан косуй!!!»

***ЦУГУЛИТИ Еленæ***

**Финддæс æма цуппаринсæй анзей размæ (1930 анзи 25 январи) Дзæуæгигъæуи байгон æй Цæгат Иристони косгутæ æма зæнхкосгути Фиццаг облæстон съезд – коллективизаций фæдбæл.**

*Мужик сказал, мужик и сделал, что было велено женой.*

☺ ☺ ☺

*Какие ребра, таковы и Евы.*

*Работаю довольно редко, а недовольно каждый день.*

☺ ☺ ☺

*Меня ровесники пугают – они вдруг начали стареть.*

*Она была, как все, неповторима.*

☺ ☺ ☺

*Башка сегодня отключилась, не вся, конечно, – есть могу.*

## ЦИЙНÆЙДЗАГ АЙЙЕВ ДЗУРД ДÆР ФАРНÆХÆССÆГ ÆЙ ДЗИЛЛÆН!..




ЕВГЕНИЙ ВАХТАНГОВИ ХÆДЗАРÆ-МУЗЕЙ
ДЗÆУÆГИГЪÆУ, АРМАЙНАГ ГЪÆУНГÆ, 2

Нæуæг анзи райдайæни аййевадон царди ахсгиагдæр цаутæй еу æнæмæнгæ исуодзæнæй

Цæгат Иристони æскъуæлхт артисткæ

ЦÆРИКЪАТИ Рими

музыкалон-литературон спектакль

«Агорагæ ерагæ ’й»
(«Ищущий всегда находит»)

Уоми райгъусдзæнæнцæ зундгонд дигорон финсгути уадзимистæ, уæдта номдзуд уруссаг финсæг Антон Чехови ходæги радзурд дигорон æвзагмæ тæлмацгондæй.

Спектакль фæуууинуни равгитæ уин уодзæнæй 18 æма 19 январи.

Райдайæн 19 сахаттебæл.




## ЦАРДÆН Æ ХÆЦЦÆ ÆМЦУД КÆНУН КУ НÆ ФÆРАЗАЙ, УÆД ФÆСТЕ БАЙЗАЙДЗÆНÆ!..

# ДУУÆ СЮЦАЙИ ÆМА ДЗАБУРХУЙÆГ

Еу хатт дууæ сюцайи Чжан æма Ли фæлварæнтæ равардтонцæ æма рараст æнцæ сæхемæ. Берæ фæццудæнцæ сæ идард надбæл æма сæ фурæдонугæй сæ комтæ ниссор æнцæ. Еу гъæумæ бахъæрттæнцæ æма си фæуууидтонцæ бамбуки лухгæндтæй арæзт горени иннæ фарси агъазиау, æ рæзæ рæгъæд кæмæн адтæнцæ, уæхæн финик бæласæ. Чжан исдзурдта:

– Изолæй ругти фæццудан, æдонугæй мæ сæр зелуй. Уæртæ еци финиктæй фæуууинæн, нæ комтæ си рауазал кæнæн.

– Арази дæн, – исдзурдта иннæ ахургонд Ли. – Ругæ нæбæл нæ къæхтæй нæ сæри уæнгæ æртæ фæлтæремæй исбадтæй, нæ къохтæ нецибал лæдæрунцæ, нæ къæхти бунтæ исхаудтæнцæ. Фæффедар кæнæн нæхе хуæрзадæ финиктæй.

Уотæ цийнæгæнгæй, хæстæг бацудæнцæ финик бæласæмæ.

Ами, горени фарсмæ, бадтæй зæронд усæ æма æлвиста æлхуйнæй, æ фарсмæ ба еу лæг дзоццæги бадгæй, дзабуртæ æмпъузта.

Дууæ фæндаггони син салам равардтонцæ, уæдта Ли рафарста зæронд уоси:

– Зæгъай, дæ хуарзæнхæй, аци финиктæ ке ’нцæ?

Зæронд усæ е ’лвесун ниууагъта, искастæй Чжан æма Лимæ.

– Аци бæласæн æ ниййаразунбæл рацудæй дæс анзи, уой зонунцæ аци гъæубæсти адæм. Мæнæн сумахæй тогхæстæг неке æй. Мадта мæ зонгитæ дæр нæ айтæ. Ци барæ даретæ сумах аци финиктæмæ?

• сюцай – фиццаг зонадон къæпхæн рагон Китайи.



– Карзæй нæмæ ма дзорæ, нæ мади хай, мах ан ахургæндтæ æма нæхемæ цæуæн фæлварæнти фæсте. Хъæбæр исæдонуг ан, æма нæ уомæ гæсгæ фæндуй дæ финиктæй исахуадун.

– Уе ’цæгæй сумах ахургæндтæ айтæ? Æз уæмæ ратдзæнæн еу цалдæр фарстай. Кæд сумах уонæн иссерайтæ раст дзуæппитæ, уæд уæ æз бафсаддзæнæн адгин финиктæй.

Дууæ сюцайи бацийнæ кодтонцæ æма еумæ исдзурдтонцæ:

– Хуарз, нæ мади хай, бафæрсæ нæ.

Силгоймаг еу минкъий рагъуди кодта, уæдта загъта:

– Ци ес уæларвæй бæрзонддæр, зæнхæй ниллæгдæр, тауæгæй тауæгдæр æма мудæй адгиндæр?

– Æз, æз ратдзæнæн дзуапп, – фæттагъд кодта Чжан. – Уæларвæй бæрзонддæр – стъалутæ, зæнхæй ниллæгдæр – цъай, мудæй адгиндæр ба – рæгъæд финик.

Силгоймаг аци дзуапп ку фегъуста, уæд æхе фæттар кодта:

– Сумахæн уæ гъудити ’нцæ айдагъдæр финиктæ, уотемæй уæхе хонетæ ахургæндтæ.

Ахургонд Чжан арази нæ адтæй силгоймаги дзурдтæй æма бафеппайдта:

– Гæрр, æз раст дзуапп нæ равардтон?

– Уæларвæй уæлдæр æнцæ фæллойнæгæнæг адæм, зæнхæй ниллæгдæр – устур чиновник, æфсæстæн – алцидæр тауæг, стонгæн – алцидæр мудæй адгиндæр.

Силгоймаг дзабурхуйæги дзуапп ку фегъуста, уæд загъта:

– Е хъæбæр раст æй. Сумах ба кæд ахургæндтæ айтæ, уæддæр дзабурхуйæгæй минкъийдæр зонетæ. Фал мæмæ байгъосетæ, æз ма уæ никкидæр рафæрсон. Зæнхæбæл ка ’й гъæздугдæр, ка ба – мæгурдæр? Дуйнел ци æй еугуремæй уорсдæр æма еугуремæй саудæр?

Аци хатт дзуапп раттунмæ фæттагъд кодта ахургонд Ли.

– Еугуремæй мæгурдæр, – загъта е, – æй Янь Суей, еугуремæй гъæздугдæр ба паддзах, тæккæ уорсдæр – мет, тæккæ саудæр – тушь.

Уæд бабæй дзабурхуйæг исдзурдта:

– Мæгурæй мæгурдæр æй е, айдагъ цъухæй уæлдай кæмæ неци ес, гъæздугдæр ба е, кæци æ дууæ къохемæй алцидæр аразун зонуй, уорсæй уорсдæр æй зæнхкосæг, саугæй саудæр ба – гъæздуги зæрдæ.

Ахургæндтæ нæбал байагурдтонцæ финиктæ æма сæ надбæл идарддæр рараст æнцæ.

*(Китайаг æвзагæй æй ратæлмац кодта СÆБАНТИ Виктор.)*

## СОЦИАЛОН ФАРСТАТÆ



## ПЕНСИТИ ИНДЕКСАЦИ: КУД ÆМА ЦÆЙБÆРЦÆ

Социалон фонди минæвари дзубандимæ гæсгæ, аци анзи индексаци хецæндзийнадæ баст æй, косгæ ка кæнуй, еци пенсиесгутæн дæр сæ пенситæбæл æфтаун ке райдæдтонцæ, еци æвуæли хæццæ. Адæми аци къуари карæмæ гæсгæ пенситæбæл рæстæмбес нимадæй бафтудæй 1,7 мин соми, æма уотемæй æ еумæйаг бæрцæ исхъæрттæй 20,9 мин сомемæ. Уомæй уæлдай, косæг пенсиесæг æ фæллойнадон архайд ку ниууадза, уæд ин Социалон фонд искæндзæнæй уæлæнхасæн индексаци раздæр æнзти нимæдзæмæ дæр.

Пресс-службæ минæвар куд фæббæрæг кодта, уотемæй январи пенсити индексаци рахъæрттæй 38,6 миллион уæрæсейаг пенсиесæгебæл. Уонæй 31,5 миллионей бæрцæ ’нцæ, косгæ ка нæбал кæнуй, етæ. Адæми аци къуарæн сæ фæдзæхстадон пенситæбæл рæстæмбес нимадæй бафтудæй 1,9 мин соми æма уотемæй æ еумæйаг бæрцæ иссæй 24,4 мин соми.

Социалон фонди регионалон хайадæ уæхæн индексаци искодта 167,5 мин цæгатиристойнаг пенсиесæгемæн.

Нæуæгæнзон бæрæгбæнтти агъоммæ пенсиесгутæй беретæн рагагъоммæ байурстонцæ сæ индексацигонд пенситæ (гъома, графикмæ гæсгæ пенси мæйи фарæстæймаг бонмæ ка есуй, уонæн). Иннæ пенсиесгутæн пости хайæдтæ сæ пенситæ дæттун райдæдтонцæ 3 январæй 25 январи уæнгæ.

Уой хæццæ, Социалон фонди минæвар зæрдæбæл æрлæуун кодта уæхæн æвуæл дæр. 2024 анзи кæронбæттæни бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, инфляций еумæйаг бæрцæ 7,3 процентемæй фулдæр ку рауайа, уæд Хецауади унаффæй пенситæн гъæуама арæзт æрцæуа уæлæнхасæн индексаци.

Еугур амунд фарстати фæдбæл дæр бадзорæн ес Уæрæсей Социалон фонди контакт-центрмæ уæхæн телефонæй: 8-800-100-00-01.

***Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади пресс-службæ***

## ТÆФИРФÆС



Республикон газет «Дигори» редакций коллектив хъæбæр зæрдхъурмæй тæфирфæс кæнунцæ республикон газет «Северная Осетия»-йи сæйраг редактори хуæдæййевæг Колити Иринæн, æ фидæ

**КОЛИТИ Лаврентийи фурт Николай**

ке рамардæй, уой фæдбæл.


Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **600**. Заказ **№ 65**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 15.01.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 15.01.2025.



**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**